



Nozibele an three hairs

Nozibele and the three hairs

 Tessa Welch

 Wiehan de Jager

 Anthonia Ujene

 3

 Naija pcm / English en



Before before, three girls go pack wood.

...

A long time ago, three girls went out to collect wood.



Weda hot no be small, so dem come go river go swim. Dem play and swim inside water.

...


It was a hot day so they went down to the river to swim. They played and splashed and swam in the water.



At ones dem come see say time don go. Dem come
rush go back village.

...

Suddenly, they realised that it was late. They hurried
back to the village.



Wen dem don near house, Nozibele touch em neck.
E come know say e don leave em chain! E beg em
friends to follow am go back but dem say time don
too go far.

...

When they were nearly home, Nozibele put her
hand to her neck. She had forgotten her necklace!
“Please come back with me!” she begged her
friends. But her friends said it was too late.



Na so Nozibele come go back by emsef. E see the chain na em e tuke go house. Na so e come miss road.

...

So Nozibele went back to the river alone. She found her necklace and hurried home. But she got lost in the dark.



E come see light dey shine for one house far far. Na
so e rush go there go knock d door.

...


In the distance she saw light coming from a hut.
She hurried towards it and knocked at the door.



Shoo, na dog open door o. D dog say, “wetin you want?” “ Nozibele come say e miss road, i dey look for were to sleep,” “come inside, or I go bite u oo! D dog tell am. Na so Nozibele enter o.

...

To her surprise, a dog opened the door and said, “What do you want?” “I’m lost and I need a place to sleep,” said Nozibele. “Come in, or I’ll bite you!” said the dog. So Nozibele went in.



Dog come say, “oya cook for me” e come ansa am say e never cook for dog before o. Dog come say, “cook, or I go bite you oo!” na so Nozibele come cook food for dog.

...


Then the dog said, “Cook for me!” “But I’ve never cooked for a dog before,” she answered. “Cook, or I’ll bite you!” said the dog. So Nozibele cooked some food for the dog.



Dog come say, "do my bed!" e ansa am say e never do bed for dog before oo. Dog come say, "do my bed or I go bite you!" na so Nozibele come do bed for dog.

...


Then the dog said, "Make the bed for me!" Nozibele answered, "I've never made a bed for a dog." "Make the bed, or I'll bite you!" the dog said. So Nozibele made the bed.



Na so dog come put Nozibele for work. day by day e go cook, sweep, wash for dog. Dog come tell am one day say, "Nozibele, i wan go see my friend dem. Make you sweep d house, cook and wash cloth before i return.

...

Every day she had to cook and sweep and wash for the dog. Then one day the dog said, "Nozibele, today I have to visit some friends. Sweep the house, cook the food and wash my things before I come back."



As dog comot, na so Nozibele comot three of her from head. E keep one under bed, another one for back of door then one for d kraal. e come skele go house with speed.

...


As soon as the dog had gone, Nozibele took three hairs from her head. She put one hair under the bed, one behind the door, and one in the kraal. Then she ran home as fast as she could.



As Dog return, e come look e no see Nozibele. Na so e come shout "Nozibele, were u dey na?" "I dey unda d bed," d first hair ansa. "I dey back of door," d second hair ansa. "I dey inside kraal," d third hair ansa.

...

When the dog came back, he looked for Nozibele. "Nozibele, where are you?" he shouted. "I'm here, under the bed," said the first hair. "I'm here, behind the door," said the second hair. "I'm here, in the kraal," said the third hair.



Na now d Dog come get the gist say Nozibele don do am wayo. Na so Dog come para run go reach d village. Nozibele bros dem don set dey wait am with heavy stick. Na so Dog do reverse tuke wen no one see am since.

...

Then the dog knew that Nozibele had tricked him. So he ran and ran all the way to the village. But Nozibele's brothers were waiting there with big sticks. The dog turned and ran away and has never been seen since.




Global Storybooks


globalstorybooks.net

Nozibele an three hairs

Nozibele and the three hairs

 Tessa Welch

 Wiehan de Jager

 Anthonia Ujene (pcm)

